



Pou Piblikasyon Imedya: 12/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 39 MILYON DOLA YO BAY POU
DEVLOPE PWOGAM IJANS SIKYATRIK KONPLÈ**

*Pwogram ijans sikyatrik konplè yo bay swen ak tretman imedya pou Nouyòkè k
ap sibi yon kriz sante konpòtmantal*

*Nèf rekonpans pou ogmante kantite total tout eta a rive nan 31 pwogram epi pou
bay plis kapasite pou sèvi plizyè milye moun ki gen kriz sante konpòtmantal*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te bay nèf lopital kominotè yon total 39.1 milyon dola nan finansman eta pou devlope nouvo pwogram ijans sikyatrik konplè. Depi yo etabli, pwogram yo pral ogmante kantite total nan tout eta jiska 31 epi bay kapasite nesèsè pou sèvi plizyè milye moun anplis ki gen kriz sante konpòtmantal.

"Elaji pwogram ijans sikyatrik nan lopital se yon eleman enpòtan nan efò nou pou ranfòse sistèm swen sante mantal Eta New York la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral bay lopital ki nan kominote a lajan pou etabli nouvo pwogram, pou yo ka evalye byen vit epi bay nenpòt moun ki gen kriz sante konpòtmantal swen."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare, "Pwogram ijans sikyatrik konplè bay yon seri sèvis konplè pou moun ki nan kriz oswa k ap chèche tretman. Lè nou ajoute nouvo kapasite nan lopital kominotè yo, n ap kapab amelyore anpil aksè ak swen sa nan tout eta a, ki enkli nan zòn ki pa t konn jwenn sèvis anvan. Finansman sa a reyafime angajman total Gouvènè Hochul pou ranfòse sistèm swen sante mantal eta nou an epi li pral asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak sèvis enpòtan yo ka konte sou yo lè yo bezwen yo."

Yo te bay senk lopital ki nan Vil New York ak kat ki nan zòn nò eta yo prim kondisyonèl Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a te administre pou devlope ak opere nouvo pwogram ijans sikyatrik konplè oswa etabli yon lokal satelit. Moun ki resevwa finansman yo enkli:

Vil New York:

- St. Barnabas Hospital, 5 milyon dola
- Montefiore Medical Center, 4.6 milyon dola

- Maimonides Medical Center, 4.9 milyon dola
- Flushing Hospital Medical Center, 4.5 milyon dola
- NYU Langone Health, 5 milyon dola

Nò Eta New York:

- Faxton St. Luke’s Healthcare (Konte Oneida), 493,253 dola
- Olean General Hospital (Konte Cattaraugus), 5 milyon dola
- Arnot Ogden Hospital (Konte Chemung), 4.8 milyon dola
- Claxton-Hepburn Medical Center (Konte St. Lawrence), 4.8 milyon dola

Pwogram ijans sikyatrik konplè yo se yon prensipal pwen antre nan sistèm sante mantal pou moun ki bezwen tretman kriz nan yon anviwònman ki an sekirite ak konfòtab. Yo bay yon seri sèvis sikyatrik konplè pou Nouyòkè ki gen kriz sante konpòtmantal, tankou moun ki gen pwoblèm ki rive ansanm, pwoblèm itilizasyon sibstans, andikap entelektyèl ak devlopman, ak kondisyon medikal; epi yo ka entène moun yo pou jiska 72 èdtan si yo bezwen obsèvasyon pwolonje.

Pwogram sa yo resevwa referans nan men founisè yo, sèvis medikal ijans transpò, transpò lapolis ak pyeton. Yo premye fè tès depistaj moun yo, apre sa yo evalue ak egzamine yo pou detèmine bezwen swen sante mantal yo. Lè sa a, yo bay moun yo yon plan tretman ki adapte ak bezwen yo.

Pwogram yo gen ladan tou sèvis mobil pou kriz, ki ka reponn ak kriz konpòtman nan kominote a epi ede redwi nesosite pou yon evalyasyon ijans oswa admisyon. Sèvis mobil pou kriz sipòte tou moun nan kominote a pandan y ap tann sèvis swivi.

Finansman an fè pati plan 1 milya dola Gouvènè Hochul pou ranfòse kontinuite swen sante mantal Eta New York. Avèk majorite finansman kapital sa nan akizisyon, plan an kounye a bay finansman ki nesèsè pou louvri nouvo pwogram, elaji inisyativ efikas, epi devlope plizyè milye inite lojman espesyalize pou sèvi moun k ap viv ak maladi mantal.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)